

# *Premye lèt pou moun Tesalonik yo*



## ***PREMYE KOZE A***

### ***Lavil Tesalonik***

Tesalonik te yon gwo vil komès nan rejjon Masedwàn, kole ak Lagrès (Lewòp), epi yon kafou pou anpil moun save ak predikatè. Li te bati sou gran wout komès ki reyini lanmè Adriyatik la ak lanmè Eje a. Se te yon koridò kote anpil moun ki te sòti toupatou te vin fè komès. Nan Tesalonik te gen yon gwo kominote Jwif.

### ***Pòl te fonde kominote kretyen an Tesalonik***

Pòl te rive lavil Tesalonik nan dezyèm vwayaj misyonè li a, lè yo te oblige 1 sòti vit kite vil Filip la akòz pèsekisyon Jwif yo (Travay 16,19.40). Rive Pòl te rive lavil Tesalonik la, li te anonse Levanjil la epi li te fòme yon ti gwoup kretyen. Men akòz Jwif yo te kontinye pèsekite 1, li te dwe sove yon lòt fwa ankò (Travay 17,1.10).

Kominote kretyen Tesalonik la te fòme ak kretyen jwif yo ak kretyen etranje yo, men pi fò nan yo se te etranje (1 Tesalonik 1,9; 2,14). Yo tout se moun pòv ki travay di pou yo viv. Pòl menm te dwe aksepte pran lajan nan men kominote moun Filip yo pou li kapab viv lè li te Tesalonik (Filip 4,16). Nan dezyèm lèt pou moun Korent yo, Pòl sonje kominote Tesalonik la te nan gwo nesesite (2 Korent 8,1-12).

*Yon jèn kominote ki te kenbe fèm nan lafwa*

Pòl te fè travay evanjelizasyon an nan kominote Tesalonik la nan 3 semèn sèlman (Travay 17,2), epi travay li a te riske disparèt, poutèt pèsekisyón ak poutèt anpil tantsyon gran vil sa a te mete devan je jèn kominote sila a. Pèsekisyón Jwif yo te oblige Pòl kite touswit, san li pa t gen tan montre patizan tounèf yo anpil bagay. Li sòti kite Tesalonik epi l ale Atèn (Lagrès), men kolaboratè li yo, Timote ak Silas, te rete Bere, epi yo te al chèche enfòmasyon sou kominote Tesalonik la. Timote ak Silas rankontre Pòl Korent. Yo te ba li nouvèl kouman kominote Tesalonik la kenbe fèm nan lafwa a. Lè sa a Pòl te deside ekri yo yon lèt. Pòl te ekri lèt sa a Korent, nan mwa jiyè-out lane 50. Lèt sa a se premye lèt Pòl te ekri, epi se premye mòso yo te ekri nan Nouvo Testaman an.

*Ki mesaj nou jwenn nan premye lèt pou moun Tesalonik yo*

Nan lèt sa a Pòl te eseye reponn kèk kesyon ki bay kominote Tesalonik la pwo-blèm. Youn nan yo se dezyèm vini Kris la. Moun Tesalonik yo kwè Jezi Kri pral tounen touswit, epi yo te poze Pòl kesyon: «Eske sila yo ki gen tan mouri, yo pa pral patisipe nan gwo evènman sa a ?» Pòl reponn yo: nan finisman listwa a ni sa ki te mouri anvan yo, ni sa ki mouri apre yo, ni sa ki toujou vivan yo, yo tout pral patisipe nan lavi Kris la ki leve byen vivan an pamì mò yo. Lespwa a se pou tout moun, epi tout moun pral patisipe nan viktwa Kris la sou sa ki mal ak sou lanmò.

Pòl fè nou sonje lafwa kretyen an fè l toujou rete tann Granmèt la. Sa ki ede moun yo bati yon kominote ki chita sou renmen se tann Jezi Kri, epi kenbe fèm nan lafwa a. Tann Jezi Kri a fè moun yo gade nan syèl la, men an menm tan sa fè kretyen yo pran angajman nan reyalite tè a, tankou respè pou diyite moun ak respè pou travay.

*Men chapant premye lèt pou moun Tesalonik yo :*

Premye Koze a (1,1-10)

Travay Pòl nan Tesalonik (2,1–3,13)

- Pòl sonje yo (2,1-16)
- Li anvi rann yo vizit (2,17-20)
- Li voye Timote bò kote yo (3,1-10)
- Lapriyè (3,11-13)

Divès konsèy pou yo viv lafwa kretyen toutbon vre (4,1–5,24)

- Lavi kretyen ki fè Bondye plezi (4,1-12)
- Jezi Kri pral tounen yon dezyèm fwa (4,13–5,11)
- Lavi kretyen an (5,12-24)
- Orevwa (5,25-28)

**Pòl di bonjou. Li di Bondye mèsi**

**1** <sup>T Ap  
15,40;  
16,1;  
17,1</sup> Pòl, Silven ak Timote pou Legliz moun Tesalonik yo nan Bondye Papa a ak nan Jezi Kri: favè ak kè poze pou nou. <sup>2</sup> Toutan n ap di Bondye mèsi pou nou tout, lè nou sonje nou nan lapriyè nou. <sup>3</sup> Se toutan san rete, nou sonje, devan Bondye Papa nou, travay lafwa nou ak aktivite renmen nou ak pasyans nou, nan lespha nou genyen nan Granmèt nou Jezi Kri. <sup>4</sup> Frè nou Bondye renmen yo, nou konnen Bondye chwazi nou, <sup>5</sup> paske Bon Nouvèl nou an pa parèt pou nou nan pawòl sèlman, men nan fòs ak nan Lespri Sen an, ak yon asirans total. Wi, nou byen konnen kouman nou te konpòte nou, nan mitan nou, poutèt nou. <sup>6</sup> Epi nou menm, moun Tesalonik yo, nou t ap swiv egzant pa nou bò isit, ak pa Granmèt la nan resevwa Pawòl la nan anpil tribilasyon, ak kè kontan Lespri Sen an, <sup>7</sup> jouk nou tounen yon modèl pou tout moun ki kwè nan Masedwàn ak Akaya. <sup>8</sup> Depi lakay nou pawòl Granmèt la sonnen epi se pa sèlman

<sup>5,8;</sup>  
<sup>1Kor  
13,13</sup>  
<sup>1Kor  
2,4;</sup>  
<sup>2Kor  
12,12</sup>  
<sup>Flo  
3,17</sup>  
<sup>Wm  
1,8</sup>

**1,1 :** Legliz se kominate yon kote, ki chita nan yon vil osinon nan yon bouk. Li fòme ak moun ki kwè nan Bondye, epi ki gen lafwa nan Jezi Kri, epi ki sèvi Jezi temwen. Pòl, Silven ak Timote te ansanm epi yo ekri lèt sa a pou Legliz Tesalonik la.

**1,3 :** An nou gade mak fabrik lavi kretyen Tesalonik yo te genyen : lafwa yo travay, lí aktif; renmen yo kapab fè sakrifis, epi yo kenbe fèm nan lespha. Se twa fòs sa yo ki montre lavi kretyen an toutbon. Twa fòs sa yo se nan Bondye yo sòti.

**1,4 :** Pòl fè moun yo sonje premye anons Jezi Kri li te ba yo a. Nan premye Kominote Kretyen yo, yo te relè premye anons sa a «Kerig». Se yon mo ki sòti nan lang grèk la ki vle montre sa ki nannan levanjil la: se anons lanmò ak leve byen vivan an Jezi a. Premye anons sa a se te yon envitasyon pou moun yo fè yon chanjman total kapital : kite tout zidòl yo, ki pa vo anyen, pou yo sèvi Bondye Vivan an sèlman.

**1,9-10 :** «Kouman nou te sòti nan zidòl» Kounye a nou kwè zidòl yo se kèk imaj osinon bagay ki pa Bondye menm. Men pou Bib la, zidòl se nenpòt bagay nou mete nan plas Bondye. Pa egzant gen anpil moun ki fè pouvwa a tounen yon zidòl pou yo. Tèlman yo renmen pouvwa, yo mete l nan plas Bondye. Nou kapab di

nan Masedwàn ak Akaya, men se tout kote lafwa nou nan Bondye gaye. Sa fêt si tèlman byen, nou pa bezwen pale nou sou sa. <sup>9</sup> Reyèlman vre, yo rakonte osijè nou, pa bò isit, kouman nou te antre lakay nou, moun Tesalonik yo, ak kouman nou te sòti nan zidòl, pou nou te vire kote Bondye, pou nou sèvi Bondye vivan an, Bondye toutbon vre a, <sup>10</sup> epi pou nou tann Pitit li a sòti nan syèl la, li menm li te leve byen vivan sòti pamì mò yo, Jezi k ap delivre nou anba kòlè k ap vini an.

<sup>T Ap  
14,15;  
Jn 17,3</sup>  
<sup>Mt 3,7;  
1Kor  
1,7;  
Tit 2,13</sup>

**Konpòtman Pòl lè li te Tesalonik**

**2** <sup>1</sup> Nou menm, frè yo, nou byen konnen kouman nou vin lakay nou, epi se pa t pou anyen. <sup>2</sup> Menm jan nou konnen, apre nou te soufri epi nou te pran move kou nan vil Filip, nou te gen kouraj nan Bondye nou an pou nou te anonsé nou Bon Nouvèl Bondye a nan mitan anpil batay. <sup>3</sup> Reyèlman vre, ankourajman n ap bay la pa sòti nan erè, ni nan bagay sal, ni nan twonpe moun. <sup>4</sup> Men apre Bondye fin seye nou, pou li

<sup>T Ap 16,  
19-40</sup>  
<sup>Gal 1,10</sup>

sa pou richès, pou plezi, pou privilèj. Pou yo sèvi zidòl sa yo, yo kapab espligate moun, yo ka fè pòv yo soufri anpil. Yo ka mete moun nan esklavaj, yo kapab pran tèt moun pou yo fè sa yo vle. Tout bagay sa yo se sèvis zidòl yo ye.

Sèvi Bondye Vivan an vle di rekonèt Bondye ki aji nan listwa moun, pou li delivre yo anba tout kalite esklavaj. Bondye vivan an renmen moun vivan an tou. Tounen vin jwenn Bondye se pa yon bagay nou kapab fè yon sèl kou. Se chak jou nou dwe tounen vin jwenn Bondye. Konsa kretyen an sèvi Jezi temwen ak lespha li genyen yon jou Jezi pral montre fòs pouvwa li a nètale.

**2,1-12 :** Sa montre nou kijan yon moun ki travay pou fè Bon Nouvèl la gaye, dwe aji : li dwe genyen kouraj pou anonsé Bon Nouvèl la, menm si li dwe kanpe devan moun ki pa vle tandé l. Li pa dwe fè anyen ak ipokrizi ni ak manti, ni ak okenn move lide dèyè tèt li. Li pa dwe chèche pwòp avantaj li, ni prestij pa l, ni enterè lajan. Li pa dwe travay pou fè moun bese tèt devan l, epi li pa janm dwe fè abi ak otorite li genyen kòm mesaje. Li dwe travay pou youn renmen lòt; pou ankouraje moun, pou bay moun konsolasyon, pou ede yo, pou montre yo, san rete, sa Bondye vle. Epi sa ki pi enpòtan ankò, li dwe fè lavi kominate a montre prezans Gouvènman Bondye a nan mitan li.

renmèt nou Bon Nouvèl la, se konsa nou preche l: pa tankou si se moun n ap fè plezi, men se Bondye ki seye kè nou an. <sup>5</sup>Reyèlman vre, nou pa t janm nan yon pawòl k ap flate moun, nou konn sa, ni nan yon pawòl ki bay yon swadizan rezon pou fè lajan: Bondye sèvi m temwen! <sup>6</sup>Ni nou pa nan chèche lwanj nan men moun, ni bò kote pa nou, ni bò kote lòt moun. <sup>7</sup>Menm si nou te kapab fè nou santi otorite nou kòm apot Kris la, nou te tounen timoun nan mitan nou. Kòm yon nouris k ap okipe pitit li yo, <sup>8</sup>nou te si tèlman renmen nou, se pa Bon Nouvèl Bondye a sèlman nou te anvi ban nou, men ata lavi nou, paske nou vin gen anpil plas nan kè nou. <sup>9</sup>Frè yo, nou sonje travay rèd nou fè ak jan nou fatige kò nou. Lajounen tankou lannwit nou te travay pou nou pa t tounen yon chay pou pèsonn pamí nou, lè nou t ap anonse nou Bon Nouvèl Bondye a. <sup>10</sup>Nou temwen epi ak Bondye, kouman nou te konpòte nou ak nou menm, moun ki kwè yo, yon fason ki pwòp, ki kòrèk, epi san re-pwòch. <sup>11</sup>Nou konnen kijan pou chak nan nou, tankou yon papa pou pitit li yo, <sup>12</sup>nou te ankouraje nou, konsole nou, pale fèm pou nou mennen yon lavi respektab devan Bondye ki rele nou nan Peyi kote li Wa a ak nan glwa li. <sup>13</sup>Poutèt sa, nou menm tou nou di Bondye mèsi san rete, paske lè nou aksepte Pawòl Bondye a, sa nou tande nan bouch nou an, nou te resevwa l pa tankou yon pawòl moun, men pou sa li ye vre, Pawòl Bondye k ap aji nan nou ki kwè yo. <sup>14</sup>Reyèlman vre, frè yo, nou

Jn 5,41  
Gal 4,19  
2Tés 3,7  
1Kor 4,11;  
T Ap 20,31  
Jn 14,10;  
Eb 4,12  
T Ap 17,23;  
Mt 23,32

**2,12:** Bondye pa rele moun pou yo antre fè pati Legliz la sèlman. Bondye rele moun pou yo viv dapre prensip Peyi kote li Wa a depi sou tè a. Epi prensip sa yo se laverite, renmen, kè poze, jistis. Moun ki pa fè sa, menm si li anndan Legliz la, li pa viv dapre prensip Levanjil la.

**2,15-16:** Kretyen yo pa fè zanmi ak sa ki pa kòrèk nan sosyete a. Kretyen yo konnen si yo pa fè zanmi ak sa ki mal, y ap sibi pèsekisyon. Sa a

tounen moun k ap fè menm jan ak Legliz Bondye yo ki nan Jide nan Jezi Kri, paske nou soufri menm bagay nou menm tou nan men pwòp konpatriyòt nou yo, sa yo menm yo te soufri nan men Juif yo. <sup>15</sup>Moun sa yo te touye Jezi Granmèt la ak pwofèt yo, epi nou menm y ap pèsekite nou: yo pa fè Bondye plezi epi yo lènmi tout moun.

<sup>16</sup>Yo anpeche nou pale ak pèp etranje yo pou sove yo, pou konsa toutan yo vin plen peche. Men kòlè a tonbe sou yo pou sa fini.

<sup>17</sup>Nou menm menm, frè yo, nou separe youn ak lòt pou yon ti bout tan, ak kò nou, men se pa nan kè nou. N ap chèche serye pou nou tounen wè vizaj nou, si tèlman nou anvi sa. <sup>18</sup>Wi vre, nou ta vle al lakay nou. Mwen menm Pòl, mwen te vle fè sa divès fwa, men Satan te kontrye nou. <sup>19</sup>Reyèlman vre, kilès ki lespwa nou, kè kontan nou, kouwòn ki fè nou vante tèt nou, si se pa nou menm, devan Jezi Granmèt nou, jou vizit li a? <sup>20</sup>Wi, se nou menm ki glwa ak kè kontan nou.

Jen 15,16;  
Wm 1,18

Flp 2,16;  
2Kor 1,14

### Pòl voye Timote Tesalonik—Timote tounen ak bon nouvèl

**3** <sup>1</sup>Poutèt sa, kòm nou pa kapab sipòte ankò, nou te deside rete Atèn pou kont nou, <sup>2</sup>epi nou voye Timote, frè nou, sèvitè Bondye nan Bon Nouvèl Kris la, pou li soutni nou epi ankouraje nou nan lafwa nou, <sup>3</sup>dekwa pou pèsonn pa twouble nan mitan soufrans sa yo: reyèlman vre, nou byen konnen se pou sa nou la. <sup>4</sup>Wi vre, lè nou te lakay nou, nou te fè konnen

Mt 10,24;  
Eb 10,32

se yon bon siy tou, paske se sa menm Jezi te di nou: «Si yo pèsekite m, y a pèsekite nou tou» (Jan 15,20).

Yo konn sèvi ak vèsè sa yo pou yo akize Pòl kòm moun k ap simaye rayisans nan mitan kret-yen yo pou Jwif yo. Se vre, pawòl sa yo rèd pou Jwif yo, epi nou kapab di yo egzajere, menm si yo te pèsekite kretyen yo toutbon vre. Men Pòl pa rayi ras li, li renmen l pito, gade sa li di nan Wm 11,25-29; Flp 3,5-7.

davans nou gen pou nou pase tray. Epi se sa ki rive vre, jan nou konnen an.  
<sup>T Ap 14,22; 15,36</sup> <sup>5</sup>Konsa, poutèt mwen pa kapab sipòte ankò, mwen voye l pran nouvèl lafwa nou, si petèt nèg antravan an pa déjà antrave nou, dekwa pou travay nou an pa ta initil. <sup>6</sup>Kounye a atò Timote tounen vin jwenn nou. Li sòti lakay nou, li ban nou bon nouvèl lafwa nou ak renmen nou. Epi li di nou jan nou toujou sonje nou, epi jan nou anvi wè nou, menm jan bò kote pa nou, nou anvi wè nou tou, moun Tesalonik yo. <sup>7</sup>Konsa, frè yo, nan mitan tout tèt chaje ak soufrans nou, nou jwenn ankourajman bò kote pa nou akòz lafwa nou. <sup>8</sup>Paske kounye a n ap viv, si nou menm nou kenbe fèm nan Granmèt la. <sup>9</sup>Reyèlman vre, ki kalite mèsi nou ta kapab di Bondye pou nou, pou tout kè kontan nou genyen poutèt nou devan Bondye nou an? <sup>10</sup>Lajounen tankou lannwit nou lapriyè anpil anpil pou nou wè figi nou, epi pou nou mete sa ki manke nan lafwa nou. <sup>11</sup>Se pou Bondye Papa nou li menm, ak Granmèt nou Jezi, fè chemen ki mennen lakay nou an vin dwat. <sup>12</sup>Se pou Granmèt la fè renmen nou genyen youn pou lòt la, ak pou tout moun, vin pi fò, vin piplis, menm jan nou menm nou fè ak nou, <sup>13</sup>pou li fè kè nou vin fèm, san repwòch nan yon lavi ki sen devan Bondye Papa nou, jou vizit Granmèt nou Jezi, ansanm ak tout sen li yo. Amèn.

<sup>5,15; Gal 6,10</sup>  
<sup>5,23; 1Kor 1,8; Zk 14,5</sup>

### Pòl bay bon konsèy

**4** <sup>1Kor 11,2</sup> <sup>1</sup>Konsa pou rès la, frè yo, n ap mande nou epi n ap ankouraje nou

**4,1-8:** Pòl ekri pou moun ki sòti nan pèp etranje yo, ki pa gen menm prensip moral ak Jwif yo. Pèp etranje yo te konn aksepte anpil bagay, sitou nan zafè seksyèl, ki pa dakò ak sa Jezi te montre nou. Jezi rele nou pou yon lavi tounèf. Kò moun merite onè ak respè depi kounye a, li fèt pou l resevwa lavi ki pa janm fini an.

**4,11-12:** Apre, Pòl bay yon avètisman, epi li pral tounen sou li: Se pou nou tout travay. Gen yon seri kretyen ki te twouble kominote a, paske yo te plis vle montre lafwa yo pase yo te travay.

nan Granmèt Jezi, pou jan nou te aprann nan men nou, kouman nou dwe mache epi kouman nou dwe fè Bondye plezi—epi se konsa nou deja ap mache vre—pou nou fè piplis pwogrè toujou. <sup>2</sup>Wi, se vre nou konnen ki lòd nou te ban nou, nan Non Granmèt Jezi. Men sa ki volonte Bondye toutbon vre: <sup>3</sup> se pou nou vin sen, pou nou pa nan dezòd lachè, <sup>4</sup>se pou nou chak konn sèvi ak pwòp kò pa yo, nan viv yon fason ki sen ak nan respè, <sup>5</sup>san se pa move lanvi ki pran tèt li, tankou pèp etranje ki pa konnen Bondye. <sup>6</sup>Pinga nan afè sa a pyès moun blese frè l oubyen fè l ditò, paske Granmèt la tire revanj sou tout bagay sa yo, jan nou te di nou sa déjà epi nou te anonse l ak fòs.

<sup>7</sup>Reyèlman vre, Bondye pa rele nou pou nou viv nan dezòd, men nan yon lavi ki sen. <sup>8</sup>Poutèt sa, moun ki meprize sa, se pa yon moun li meprize, men se Bondye ki ban nou Lespri li a ki sen. <sup>9</sup>Pou koze renmen tankou frè, nou pa bezwen yo ekri nou sou sa, kòm se nan men Bondye nou aprann pou youn renmen lòt. <sup>10</sup>Epi reyèlman vre, se sa n ap fè pou tout frè nan tout Masedwàn. N ap ankouraje nou, frè yo, pou nou fè piplis pwogrè toujou, <sup>11</sup>epi pou nou fè jefò pou nou viv trankil, pou nou okipe pwòp afè pa nou epi pou nou travay ak men nou, tankou nou te pase nou lòd la. <sup>12</sup>Konsa n a viv yon fason respektab devan moun deyò yo, epi nou p ap bezwen afè pèsonn.

<sup>13</sup>Frè yo, sou afè mò k ap dòmi yo, nou pa ta vle nou pa konnen, pou nou pa nan lapenn tankou rès moun ki pa

<sup>Mt 6,10;  
Ef 11,4</sup>

<sup>1Kor 6,13</sup>

<sup>Dt 32,35</sup>

<sup>Jn 17,19</sup>

<sup>1Kor 6,10;  
Lk 10,16;  
Is 63,12</sup>

<sup>2Tes 3,6;  
T Ap 18,3</sup>

<sup>Ef 2,12;  
Kol 1,27</sup>

Yo viv sou kont lòt frè yo, ansanm ak sa yo ki te chita nan pale anpil, konsa yo t ap wete kredi Legliz la te genyen devan pèp etranje yo. Pòl tankou tout bon Jwif ak Farizyen, te nan kondisyon pou l te viv grasa pwòp travay li. Konsa li pa t kapab aksepte pou yon kretyen pa t genyen yon bon metye, ni pou l pa ta kab jwenn travay, menm si yo ta mal konsidere l.

**4,13-18:** Lè Timote te al rann kominote Tesa-lonik lan vizit, li te jwenn anpil kesyon kretyen yo pa t ko byen konprann. Sanble moun Tesa-

gen lespwa yo. <sup>14</sup> Reyèlman vre, si nou kwè Jezi te mouri epi li leve, se konsa tou Bondye va mennen mò k ap dòmi nan Jezi yo ak li. <sup>15</sup> Gade non, nou di nou sa ak yon pawòl Granmèt la: nou menm ki vivan, ki rete dèyè pou jou vizit Granmèt la, nou p ap pase anvan moun k ap dòmi yo, <sup>16</sup> paske Granmèt la li menmm, sou yon lòd nan vwa yon chèf zanj, ak nan son twonpèt Bondye a, pral desann sòti nan syèl la, epi mò ki nan Kris la yo, va leve anvan. <sup>17</sup> Apre sa, nou menm ki vivan, ki rete dèyè, yo va pote n ale an menm tan ansanm ak yo, sou nyaj yo, pou nou rankontre Granmèt la, anlè a, epi konsa n a ansanm ak Granmèt la toutan. <sup>18</sup> Konsa se pou youn konsole lòt ak pawòl sa yo.

#### Rete ap veye : Granmèt la ap vini

<sup>T Ap 1,7</sup> **5** <sup>1</sup>Frè yo, pou kesyon tan yo ak jou yo, nou pa bezwen pou yo ekri nou sou sa. <sup>2</sup>Paske nou konsa trè byen : jou Granmèt la se tankou yon vòlè lannwit, se konsa l ap vini. <sup>3</sup>Lè yo vadì: «kè poze, nanopwen danje,» se atò malè va parèt sou yo sibit, tankou tranche pran yon fanm ansent, epi yo p ap chape. <sup>4</sup>Nou menm menm, frè yo, nou pa nan fènwa pou jou a ta vin sou nou sibit, tankou yon vòlè. <sup>5</sup>Reyèlman vre, nou tout nou se pitit limyè, nou se pitit lajounen. Nou pa moun lannwit, ni

lonik yo pè pou moun ki gen tan mouri san yo pa t konnen Bon Nouvèl Jezi Kri a, yo p ap kapab patisipe nan leve vivan an pamí mò yo. Pòl reponn yo leve byen vivan Jezi a fèt pou tout moun : ni pou sa ki mouri dejà, ni pou sa ki vivan ankò.

Moun ki mouri yo pral leve byen vivan pou y al rankontre ak Kris la. Y ap pran devan sila yo ki rete vivan yo. Pòl di pawòl sa sèten, paske «se yon pawòl Granmèt la». Konsa «se pou youn konsole lòt ak pawòl sa a».

**5,1-3 :** Zafè tounen Kris la ak leve byen vivan mò yo, se kesyon ki pi enpòtan ki t ap travay tèt kretyen Tesalonik yo. Nan lèt sa a se plis kesyon leve byen vivan an Pòl reponn. Li di «mò yo ap dòmi». Konsa y ap reveye si se dòmi y ap dòmi. Lanmò se kòm yon somèy pou yon kretyen. Se poutèt sa li pa dwe pèdi lespwa lè li gen yon moun ki mouri nan fanmi l oubyen pamí zanmi li yo.

moun fènwa. <sup>6</sup>Ebyen, pinga nou dòmi tankou lòt yo, men an nou rete je klè, an nou kontwole tèt nou. <sup>7</sup>Paske moun k ap dòmi, dòmi lannwit, moun ki sou se lannwit yo sou. <sup>8</sup>Nou menm ki moun lajounen, an nou kontwole tèt nou. An nou mete plak pwotèj lafwa ak renmen sou nou. An nou mete kas lespwa delivrans lan sou tèt nou, <sup>9</sup>paske Bondye pa mete nou la pou l fè kòlè sou nou, men pou nou jwenn delivrans pa pouvwa Jezi Kri, Granmèt nou, <sup>10</sup>li menm ki mouri pou nou, pou nou viv an menm tan ansanm ak li, kit je nou klè, kit n ap dòmi. <sup>11</sup>Poutèt sa, se pou youn konsole lòt, se pou youn kore lòt, jan n ap fè sa dejà.

#### Kèk konsèy pou fini—Orevwa

<sup>12</sup>Frè yo, tanpri souple, konsidere moun k ap travay nan mitan nou yo epi ki reskonsab nou devan Granmèt la, epi k ap korije nou. <sup>13</sup>Respekte yo ak anpil renmen poutèt travay yo a. Viv anpè youn ak lòt.

<sup>14</sup>Nou mande nou, tanpri, pou nou korije moun ki pa gen lòd yo. Ankouraje sa ki yon ti jan kapon yo. Soutni sa ki fèb yo. Gen pasyans ak tout moun.

<sup>15</sup>Atansyon pou pyès moun pa rann pèsonn mal pou mal. Men chèche fè byen toutan, youn pou lòt, pou tout moun. <sup>16</sup>Se pou nou kontan toutan.

**5, 4-11 :** Pòl sèvi ak lide vòlè ki kase kay lannwit san moun pa t atann, pou l pale sou tounen Kris la. Apre sa li devlope lide lannwit ak lajounen, fènwa ak limyè pou l montre ki konpòtman yon kretyen dwe genyen. Li se pitit lajounen ak pitit limyè. Li dwe rete ap veye je klè ak gwo zam nan men l. Li esplike ki kalite zam yon kretyen dwe genyen pou defans li.

**5,12-18 :** Dapre vèsè 12 la, twa mwa depi kominote sa a t ap resevwa levanjil la, li te dejà genyen moun ki reskonsab li. Pòl fini lèt la ak divès konsèy pou yo kontinye bati kominote a. Se pou yo respekte moun ki dirije yo. Se pou yo ede frè ak sè yo ki nan traka. Se pou yo toujou rete nan yon anbyans kè kontan ak lapriyè. Konkou frè l yo ba lì lè l nan pwoblèm, pral yon siy ki montre nou, Bondye ak Kris la pa janm manke renmen nou. Legliz la se bon jan kominote yon kretyen bezwen, pou l grandi nan lafwa, epi pou l kenbe nan difikilte yo.

<sup>1</sup>Pyè  
1,13;  
5,8

<sup>Is</sup>  
<sup>59,17;</sup>  
<sup>1Kor</sup>  
<sup>13,13</sup>

<sup>Eb</sup>  
<sup>13,17;</sup>  
<sup>1Tm</sup>  
<sup>5,17</sup>

<sup>Gal 6,6</sup>

<sup>Mt</sup>  
<sup>5,44;</sup>  
<sup>Wm</sup>  
<sup>12,17</sup>

<sup>17</sup>Lapriyè san rete. <sup>18</sup>Nan tout sikontans di Bondye mèsi. Reyèlman vre, sa se volonte Bondye pou nou nan Jezi Kri. <sup>19</sup>Pa tenyen Lespri a. <sup>20</sup>Pa meprize pawòl pwofèt yo. <sup>21</sup>Sonde tout bagay, epi kenbe sa ki bon an. <sup>22</sup>Egzante tout kalite move bagay. <sup>23</sup>Se pou Bondye kè poze a li menm fè nou fin sen nèt. Se pou tou sa nou ye, lespri nou, nanm nou ak kò nou, rete san repwòch pou

jou vizit Granmèt nou Jezi Kri. <sup>24</sup>Sila ki <sup>1Kor  
1,9</sup> rele nou an toujou kenbe pawòl li: se li menm tou ki pral fè sa.

<sup>25</sup>Frè yo, lapriyè pou nou tou.

<sup>26</sup>Di tout frè yo bonjou ak yon bo jan moun ki sen yo konn fè a. <sup>27</sup>Mwen pase nou lòd, nan non Granmèt la, li lèt sa a bay tout frè yo.

<sup>28</sup>Se pou favè Granmèt nou Jezi Kri ak nou.

---

**5,19-21 :** Yon kominote tankou kominote sa a te dwe veye pou I akeyi travay Lespri a, malgre li pa t gen anpil bagay ki ekri. Kèk nan kretyen sa yo dwe te konn pale tankou pwofèt epi yo te resevwa kèk mesaj nan reyinyon lekaristi yo. Se pou sa Pòl te mande pou yo pwofite mesaj lespri sa yo, men fòk yo analize yo anvan, jan li pral di sa nan 1Kor 14. Nan ka sa a, yon bo, kominote a obeyi Lespri a ki pale nan bouch pwofèt yo, epi yon lòt bò, ansanm ak reskonsab li yo, li dwe jiye si se Lespri Bondye a toutbon.

**5,23-28 :** Finisman lèt sa a se tankou yon lapriyè litiji. Yo te konn li lèt Pòl yo nan reyinyon kretyen yo. «Lespri nou, nanm nou ak kò nou» se moun vivan an ak tout lavi li ki patisipe nan Lespri Bondye a: kò, lespri, nanm. Jodi a nou plis pale sou kò ak nanm yon moun. Men pou Pòl, gen twa reyalite: kò, lespri ak nanm. Pawòl «nanm» pa toujou gen menm sans nan lèt Pòl yo ak jan nou konprann li jodi a. Dapre Pòl, lespri a nan yon degré ki pi wò pase nam lan.

# *Dezyèm lèt pou moun Tesalonik yo*



## **PREMYE KOZE A**

Aprè Pòl te fin ekri premye lèt la, kote li montre moun Tesalonik yo sa 1 konnen sou leve byen vivan moun ki mouri yo, ak sou tounen Kris la (1Tes 4,13–5,1-11), kretyen yo ki t ap viv nan vil sa a te kontan anpil, men yon ti tan apre yo te kòmanse boulvèse. Poukisa ? Se paske te gen pawòl ki fo ak lèt ki fo ki t ap sikile sou non Pòl, kòmkwa tounen Granmèt la rive deja. (2Tes 2,2-3). Lè Pòl aprann sa, li ekri lèt sa a prese prese pou 1 pote limyè sou kesyon tounen Granmèt la. Li te ekri dezyèm lèt la si mwa konsa apre premye a, sa vle di nan finisman lane 50. Lè sa a li te Korent.

Pou Pòl kalme lespri moun Tesalonik yo, li fè yo konnen gen kèk siy ki pral parèt anvan Kris la tounen (2Tes 2,9). Plis toujou lènmi ki kanpe nan lòt kan an gen pou 1 parèt anvan Kris la tounen. Gen yon bagay oswa yon moun ki enpoze 1 parèt. Lè baryè sa a p ap la ankò, li pral parèt aklè, epi se lè sa a Kris la pral tounen pou 1 detwi li (2Tes 3,3-8). Pòl pa di ki kalite baryè sa a ye. Antouka se Antikris la. Gen moun ki kwè se lanpi women an. Men sa pa fin klè.

## 2 TESALONISYEN

Sa ki klè se fason pou nou rete ap tann vini Granmèt la. Se rete tèt frèt, trankil, epi pou chak moun fè travay li gen pou li fè ak tout konfyans (2Tes 3,10-12).

Gen anpil moun ki di lèt sa a se pa Pòl ki te ekri 1. Yo di, yo te ekri 1 jis nan finisman premye syèk la, paske, lè yo konpare 2Tes 2,3-4 ak 1Tes 4,15 sou vini Granmèt la. Men yo kapab esplike vèsè sa yo, san yo pa kwè se pa menm moun ki te ekri yo. Pa gen kontradiksyon ant yo. Pòl pran prekosyon siyen lèt sa a ak pwòp men 1, pou evite tout bouyay, epi pou bay prèv ki lèt li ekri, ak ki lèt li pa ekri.

### *Men chapant dezyèm lèt pou moun Tesalonik yo :*

Premye pati : Bondye kenbe Pawòl li. Moun ki anba pèsekisyon yo ap jwenn delivrans lan ak jijman an (1,1-12)

Dezyèm pati : Dezyèm vini Granmèt la (2,1–3,5)

Gen kèk siy k ap montre ki lè Granmèt la pral tounnen (2,1-12)

Se pou kretyen yo kenbe fèm (2,13-17)

Lapriyè pou moun ki travay pou fè Bon Nouvèl la gaye toupatou (3,1-5)

Twazyèm pati : Divès avètisman (3,6-16)

**Pòl di bonjou. Li di Bondye mèsi.  
Li ankouraje**

<sup>1Tes 1,1</sup> **1** <sup>Iz 1,1</sup> Pòl, Silven ak Timote pou Legliz moun Tesalonik yo, nan Bondye Papa nou ak nan Jezi Kri Granmèt nou. <sup>2</sup>Favè ak kè poze pou nou, ki sòti nan Bondye Papa ak nan Jezi Kri, Granmèt nou. <sup>3</sup>Se toutan nou dwe di Bondye mèsi pou nou, frè yo, tankou sa merite fèt, paske lafwa nou fè pwogrè, epi renmen nou chak youn pou lòt vin pi fò nan mitan nou tout. <sup>4</sup>Sa fè nou menm, nou jwenn fyète nan nou, moun Tesalonik yo, nan Legliz Bondye yo, poutèt jan nou kenbe fèm, ak lafwa, nan mitan tout pèsekisyon ak tout tribilasyon nou sipòte. <sup>5</sup>Nan sa, jijman kòrèk Bondye a parèt, pou nou kapab merite Peyi kote Bondye Wa a, pou sa n ap soufri pou li a, nou menm tou. <sup>6</sup>Paske se sa ki kòrèk pou Bondye: pou li bay moun k ap ban nou tribilasyon yo tribilasyon pa yo tou, <sup>7</sup>men nou menm k ap sibi tribilasyon yo, pou li ban nou soulajman ansanm ak nou, lè Jezi Granmèt la va parèt aklè, sòti nan syèl la ansanm ak zanj pouvwa li yo, <sup>8</sup>nan yon flanm dife k ap tire revanj sou sa ki pa konnen Bondye ak sou sa ki pa obeyi Bon Nouvèl Granmèt nou Jezi. <sup>9</sup>Moun sa yo pral resevwa yon pinisyon ki la pou toutan, k ap mete yo lwen figi Bondye ak lwen glwa fòs li a, <sup>10</sup>lè l ap vini pou l resevwa glwa nan mitan moun pa l yo ki sen ak bèl konpliman nan men moun ki te kwè yo jou sa a nou menm nou te kwè temwayaj nou te ban nou an. <sup>11</sup>N ap lapriyè pou sa, toutan, pou nou: pou Bondye nou an fè nou merite rele li rele nou an, epi,

<sup>Iz 66,15;  
Wm 1,5</sup>

<sup>Iz 2,10</sup>

**1,3-4:** Lèt la kòmanse antan li montre sa ki fondman lavi yon kretyen: grandi nan lafwa, nan renmen ak nan lespwa. Li montre tou rezistans, ak fòs kouraj kominate a genyen devan pèsekisyon, yo t ap sibi a. Se fòs kouraj sa a ki chita sou lespwa, ki fè yon kretyen kapab batay nan lavi a ak asirans l ap rampòte viktwa.

**1,5-12:** Lafwa yon kretyen mache ak lespwa tounen Granmèt nou Jezi Kri ki pral jije tout

nan pisans li, pou li reyalize tout bon entansyon ak zèv ki sòti nan lafwa nètale, <sup>12</sup>pou konsa non Jezi Granmèt nou an jwenn glwa nan nou, epi nou menm nan li, dapre favè Bondye nou an ak Jezi Kri Granmèt nou.

**Granmèt la ap vini**

**2** <sup>Iz 66,5;  
Jn 17,22</sup> <sup>1Kor 15,23;</sup> <sup>1Tes 4,15</sup> <sup>Mt 24,31</sup> N ap mande nou, frè yo, nan afè Granmèt nou Jezi Kri k ap vini an epi k ap rasanble nou bò kote li a, <sup>2</sup>pou nou pa kite yo twoouble lespri nou twò vit, ni pou nou pa gen kè sote ni poutèt yon pawòl Lespri a, ni poutèt yon pawòl oswa yon lèt, kòmsi ki ta sòti nan men nou epi ki ta fè kwè jou Granmèt la rive. <sup>3</sup>Pa kite pèsonn twonpe nou okenn Ap 13; Dan 11,36 fason, paske trayizon an ap vini anvan, epi nèg peche a ap parèt aklè, ptit pèdisyon an, <sup>4</sup>sila ki kanpe nan lòt kan an, epi ki drese tèt li anlè tout bagay ki pote non Bondye ou byen resevwa sèvis Bondye, jis li rive chita nan tamp Bondye pou fè kwè li se Bondye. <sup>5</sup>Èske nou pa sonje lè mwen te ak nou, mwen te konn di nou bagay sa yo? <sup>6</sup>Nou konnen sa ki kenbe l kounye a pou l parèt aklè nan pwòp tan pa li a. <sup>7</sup>Reyèlman vre, sekrè peche a déjà ap travay. Sèlman, jistan sila ki rete li a rive disparèt. <sup>8</sup>Lè sa a nèg peche a va parèt aklè, sila Granmèt Jezi va touye ak souf bouch li a epi li va disparèt li ak klète vini l ap vini an. <sup>9</sup>Vini pa nèg peche a menm se dapre aktivite Satan nan tout kalite gwo aksyon, mirak, ak mèvèy, <sup>Iz 11,4;  
Sòm 33,6</sup> <sup>Mt 24,24</sup> <sup>1Wa 22,22;</sup> <sup>Iz 6,10;  
2Kor 2,16</sup> <sup>Iz 6,10;</sup> <sup>2Kor 2,16</sup> ak nan tout kalite pyèj mechanste pou sila yo ki la pou peri yo, poutèt yo pa t aksepte renmen laverite pou yo sove. <sup>11</sup>Poutèt sa, Bondye voye yon fòs

moun. Si li jwenn pèsekisyon ak tribilasyon, li gen yon defansè k ap tire revanj pou li, se Jezi Kri ki gen pou l parèt ak tout glwa, epi ak tout pouvwa li.

**2,1-7:** Jezi pral tounen, men anvan li vini, lènmi an pral parèt pou l chèche detwi lafwa kretyen yo. Gen yon bagay ki kenbe l, ki fè l pokò parèt. Pòl pa di sa l ye ki kenbe l la.

k ap travay nan yo, pou yo fè lerè, pou  
Jn 3,19;  
9,39 yo kwè nan manti: <sup>12</sup>konsa pou yo tout  
 kondane, yo menm ki pa kwè laverite,  
 men ki pran plezi nan sa ki pa bon.  
<sup>13</sup>Nou menm menm, nou dwe di  
 Bondye mèsi toutan poutèt nou, frè  
 Granmèt la renmen yo, paske Bondye  
 te chwazi nou kòm premye fwi rekòt la  
 pou nou jwenn delivrans nan Lespri ki  
 fè vin sen an ak nan lafwa nan laverite  
 a. <sup>14</sup>Se pou sa menm li te rele nou,  
 grasa Bon Nouvèl nou an, pou nou vin  
 jwenn glwa Granmèt nou an Jezi Kri.

<sup>15</sup>Konsa frè yo, rete fèm. Kenbe sa  
1Kor 11,2 nou te pase ban nou an, sa nou te  
 aprann swa nan pawòl, swa nan lèt  
 nou. <sup>16</sup>Li menm, Granmèt nou Jezi Kri,  
 ansanm ak Bondye Papa nou ki ren-  
 men nou epi ki ban nou kouraj ki dire  
 toutan an ak bon jan lespwa kòm yon  
 favè, <sup>17</sup>se pou yo ankouraje kè nou, epi  
 pou yo fè yo fèm nan tout bon zèv ak  
 tout bon pawòl.

### Kèk konsèy—Orevwa

<sup>Mt6,13</sup> **3** <sup>1</sup>Pou fini, frè yo, lapriyè pou nou,  
 pou pawòl Granmèt la gaye epi pou  
 li jwenn glwa tankou sa te fèt lakay nou,  
<sup>2</sup>pou nou delivre anba moun ki pèdi  
 wout yo epi ki move moun, paske se pa  
Mt6,13 tout moun ki gen lafwa. <sup>3</sup>Men Granmèt  
 la merite konfyans: I ap fè nou kenbe  
 fèm epi I ap pwoteje nou ak Malveyan  
 an. <sup>4</sup>Nan Granmèt la nou gen konfyans  
 nan nou, paske sa nou te pase nou lòd  
 fè, n ap fè yo epi n a kontinye fè yo. <sup>5</sup>Se  
 pou Granmèt la dirije kè nou nan ren-  
 men Bondye ak nan fòs kouraj Kris la.

**2,13-17:** Kominote kretyen an pa bezwen pè  
 poutèt Jou Jezi pral tounen an. Okontrè se pou  
 li di Bondye mèsi, paske depi li te tande Bon  
 Nouvèl Jezi Kri a, depi li pran angajman lafwa a,  
 depi li te sèvi Jezi temwen, li dejà nan chemen  
 delivrans lan.

**3,6-15:** Nan tann yo tap tann Kris la tounen  
 touswit, te gen anpil kretyen Tesalonik ki te neg-  
 lije travay yo ak lòt angajman yo te genyen ann-  
 dan sosyete a. Sa te lakòz Legliz Tesalonik te

<sup>6</sup>Nou pase nou lòd, frè yo, nan  
 Granmèt Jezi Kri, pou nou rete lwen  
 tout frè k ap mache san lòd, men pa  
 dapre sa nou te pase ban nou yo, sa  
 nou te resevwa nan men nou an. <sup>7</sup>Re-  
 yèlman vre, nou menm, nou konnen  
 byen kouman nou dwe swiv egzanp  
 nou: nou pa t rete ap mache san lòd  
 nan mitan nou, <sup>8</sup>ni nou pa t manje pen  
 gratis sou kont pèsonn, men lajounen  
 tankou lannwit nou te travay nan redi  
 ak nan fatig pou nou pa t yon chay pou  
 pèsonn pamì nou. <sup>9</sup>Se pa paske nou  
 pa gen dwa, men se pou nou te ban  
 nou pwòp tèt nou kòm modèl, pou nou  
 swiv egzanp nou. <sup>10</sup>Wi se vre, lè nou te  
 bò kote nou, nou te pase nou lòd sa a:  
 si yon moun pa vle travay, li pa dwe  
 manje tou. <sup>11</sup>Paske nou tande gen  
 moun k ap vire tounen nan mitan nou  
 san lòd. Yo p ap fè anyen, men yo tou-  
 jou okipe. <sup>12</sup>Nou pase moun sa yo lòd  
 epi nou ankouraje yo nan Granmèt  
 Jezi Kri pou se antan yo travay trankil  
 pou yo manje pwòp pen yo. <sup>13</sup>Bò kote  
 pa nou, frè yo, pa janm bouke fè sa ki  
 byen. <sup>14</sup>Si yon moun pa obeyi pawòl  
 nou bay nan lèt la, make li, pou yo pa  
 mele ak li, pou li kapab wont. <sup>15</sup>Sèl-  
 man pa trete li kòm yon lènmi, men  
 korije li kòm yon frè.

<sup>16</sup>Se pou li menm, Granmèt kè poze  
 a, ban nou kè poze toutan ak tout jan.  
 Granmèt la ak nou tout. <sup>17</sup>Bonjou sa a  
 sòti nan men mwen, mwen menm Pòl.  
 Li se mak tout lèt mwen yo. Se konsa  
 mwen ekri. <sup>18</sup>Favè Granmèt nou Jezi  
 Kri ak nou tout.

<sup>1Tes  
2,9;  
4,11</sup>

<sup>Mt  
10,10</sup>

<sup>1Kor  
5,9</sup>

<sup>Mt  
18,15</sup>

resevwa anpil kritik bò kote moun ki pa t kre-  
 tyen. Yo te pran kretyen yo pou parese ak res-  
 kiyè. Sa pa t fè Pòl plezi. Se pou sa li ankouraje  
 kretyen yo pou yo travay tankou li. Li menm tou  
 I ap tann Kris la tounen, men sa pa t anpeche I  
 sèvi ak men I pou I travay di. Sa rete yon prensip  
 pou ansèyman sosyal Legliz la: mache n ap  
 mache nan direksyon Peyi kote Bondye Wa a pa  
 fè nou sispann travay pou lavi moun sou tè a vin  
 pi bèl ak pi bon.